



Superintendent of Schools
Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board

*Perla Tabares Hantman, Chair
Dr. Steve Gallon III, Vice Chair
Lucia Baez-Geller
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
Christi Fraga
Dr. Lubby Navarro
Dr. Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Luisa Santos*

3 ye fevriye 2021

Chè Paran/Gadyen:

Objektif lèt sa a se pou enfòmè w de “Reading Scholarship Account” (Kont Bousetid Lekti) a yo kreye pou ede elèv lekòl leta yo ki nan klas 3yèm a 5yèm ane eskolè ki gen difikilte avèk lekti. An 2018, Florid te kòmanse ofri yon pwogram kont epay edikasyon pou elèv ki enskri nan lekòl leta yo. Pwogram nan ofri paran yo aksè sou kont epay edikasyon an, ki vo \$500 dola chak, pou peye ekolaj ak frè ki gen rapò ak leson patikilye a tan patyèl, pwogram pandan ete ak edikasyon apre lekòl, ak materyèl ansèyman ak pwogram ki gen rapò ak lekti oubyen aprantisaj lekti/ekriti.

Kòman mwen ka itilize Kont Bousetid Lekti a?

Bousetid yo vo \$500 dola chak e ou ka itilize yo pou ranbouse atik sa yo:

- Ekolaj ak frè pou leson patikilye yon moun ki gen yon Sètifika Edikatè Florid ki valid, yon moun ki gen yon bakaloreya oubyen ki gen yon diplòm nan matyè a, ki gen yon sètifika ansèyman kòm asistan pwofesè, oubyen ki demontre yon metriz nan matyè a.
- Frè pou pwogram edikasyon ete ki fèt pou amelyore lekti oubyen aprantisaj.
- Frè pou pwogram edikasyon apre lekòl ki fèt pou amelyore ladrès lekti oubyen aprantisaj.
- Materyèl ak pwogram ansèyman pou lekti oubyen aprantisaj.

Ki moun ki kalifye?

- Elèv lekòl leta ki enskri kounye a nan yon lekòl leta Florid ki nan twazyèm, katriyèm oubyen senkyèm ane eskolè pou ane lekòl 2020-2021 an.
- Elèv ki te fè yon nivo nòt pèfòmans 1 oubyen 2 nan tès ‘English Language Arts (ELA)’ (Lang Anglè) pandan ane lekòl 2018-2019 la.
- Elèv ki enskri nan youn nan 300 Lekòl Elemantè ki gen pi ba Pèfòmans nan Florid nan ane lekòl 2018-19.
- Elèv ki enskri nan youn nan lekòl elemantè nan Florid ki te resevwa yon nòt lekòl D oubyen F nan 2018-2019.
- Elèv yo idantifye pandan ane lekòl 2019-2020 an kòm elèv ki gen yon gwo defisyans nan lekti ki baze sou tès ki pi resan yo ak evalyasyon siveyans pwogrè ki disponib.

Kòman pou mwen aplike?

Ou ap resevwa lèt sa a paske pitit ou a elijib pou Kont Bousetid Lekti. Pou aplike pou Kont Bousetid Lekti pou ane lekòl 2020-2021 an, tanpri vizite sit entènèt: <https://www.stepupforstudents.org/for-parents/reading-scholarship/how-the-scholarship-works/>

Pou ranpli Aplikasyon Bousetid Lekti a, ou pral bezwen swa Fòm "[Reading Scholarship Accounts Program Eligibility Notification Form](#)" (Notifikasyon Elijibilite Pwogram Bousetid Lekti) oubyen Rapò "Spring 2019 Florida Standards Assessment (FSA)" (Evalyasyon Estanda Florid) pou prentan 2019 ou ka jwenn nan paran oswa pòtal elèv.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan aplikasyon pou Kont Bousetid Lekti, tanpri kontakte "Step up for Students" nan nimewo 1-877-735-7837 oswa voye yon imèl nan reading@sufs.org.

Nou ankouraje w pwofite bèl opòtinite sa a pou pitit ou amelyore ladrès li nan lekti ak lekti/ekriti e li resevwa sipò ak entèvansyon li bezwen pou fè fas ak defi li te rankontre nan ane lekòl istorik sa a.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

AMC:vdp
L767